

KOMUNIKASI VERBAL LAN NONVERBAL GURU BASA JAWA SAJRONE PIWULANGAN ING KELAS VII SMPN 1 SIDOARJO

Siti Nurfaizah

Pembimbing: Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Sitinurfaizah@mhs.unesa.ac.id

ABSTRAK

Basa minangka piranti kang wigati kanggo komunikasi. Komunikasi ora bisa kedadeyan yen ora ana simbol-simbol basa kang di gunakake. Komunikasi yaiku proses ngandharake pesan, dadi faktor utama kang kudu bisa yaiku basa sajrone pacelathonan. Komunikasi kasebut bisa ditindakake lumantar basa verbal lan nonverbal. Basa verbal lan nonverbal kasebut bisa ditemtokake ing tuturan guru basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo.

Adhedhasar andharan kasebut undherane panliten iki yaiku (1) Kepriye wujud komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo? (2) Apa kang nglandhesi utawa sabab musababe digunakake komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo? (3) Apa tujuwan digunakake komunikasi verbal lan nonverbal guru basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo?

Panliten iki kagolong panliten basa kang asipat deskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten iki arupa tuturan guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo. Asil saka panliten iki yaiku (1) Wujud komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo yaiku komunikasi verbal (KV) gestural, Komunikasi verbal (KV) postural, Komunikasi verbal (KV) fasil, lan Komunikasi verbal (KV) paralinguistik. Tuturan sajrone komunikasi kasebut arupa berita (*deklaratif*), pitakon (*interrogatif*), prentah (*imperatif*). (2) sabab musabab kang digunakake guru Basa Jawa kasebut yaiku kanggo mbenerake, kanggo ngongkon, kanggo menehi kawruh, kanggo menehi teguran, lan kanggo menehi wangsanan. (3) Tujuwan digunakake komunikasi verbal lan nonverbal kasebut nalika cecaturan karo mitra tuture yaiku tujuwane *lokusi*, *ilokusi*, lan *perlokusi*.

Tembung-tembung kang wigati: Komunikasi verbal lan nonverbal, Guru Basa Jawa.

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Basa mujudake salah sawijine piranti komunikasi sosial kang wigati kanggo sesambungan ing masyarakat. Basa digunakake kanggo medharake pikiran, gagasan, konsep utawa rasa pangrasa kang ana ing dhirine manungsa. kanthi mangkono manungsa bisa ngleksanakake kodrate minangka makhluk sosial, yaiku nglakoni komunikasi karo liyan ing masyarakat.

Anane manungsa dadi makhluk sosial ora bisa owah saka komunikasi karo manungsa liyane. Tembung-tembung utawa tulisan nduweni peranan kang wigati sajrone nglakoni komunikasi marang manungsa. komunikasi yaiku proses ngandharake lan nyalurake pesan, dadi faktor utama kang kudu ana yaiku basa sajrone komunikasi. Proses komunikasi kasebut bisa ditindakake lumantar basa verbal lan basa nonverbal (Ray L. Birdwhistell sajrone Mulyana (2010:351).

Kanthy anane andharan ing dhuwur, Basa kang digunakake dening guru basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo kasebut saliyane dipangribawani dening faktor verbal, nanging uga dipangribawani dening faktor nonverbal. Tuladhané kaya mangkene, ‘BE: Ayo sapa sing takon sebutna jeneng karo nomer absen’. Tuturan kasebut diucapake dening guru basa Jawa sing jenenge Bu Endang.

Nalika BE kang jenenge Bu Endang mrentah siswane kang dadi audien supaya nyebutake jenenge karo nomer absene sadurunge mangsuli pitakonan. Nalika nuturake kasebut Bu Endang nggunakake pesan verbal postural kang mujudake pakon/ prentah. Wujud postural kang ana ing ukara kasebut kayata ‘*mlaku njupuk absen*’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake pakon/ prentah. ‘*mlaku njupuk absen*’ bisa kasebut pesan postural amarga ngobahake kabeh awake.

Komunikasi verbal lan nonverbal nduweni peran kang wigati sajrone proses piwulangan. Nanging biasane komunikasi nonverbal dianggep luwih efisien tinimbang komunikasi verbal. Sajrone lembaga pendhidhikan, mligine sajrone proses piwulangan panganggone perilaku verbal lan nonverbal kasebut ana sambung rakete karo akehe ketrampilan dhasar mulang kang wajib dinduwени dening guru. Sabab, penerapan ketrampilan dhasar mulang kasebut mung bisa dideleng lumantar panganggone prilaku verbal lan nonverbal. Kanthy tembung liya, prilaku verbal lan nonverbal mesthi digunakake dening guru nalika nerapake ketrampilan dhasar kasebut.

Komunikasi yen dikaitake sajrone institusi pendhidhikan kaya dene ing sajrone proses piwulangan, kemampuan sesambungan kanthi cara verbal lan nonverbal kang dinduwensi guru diprelukake banget kanggo nggayuh tujuwan piwulangan. Penguwasaan ketrampilan komunikasi guru yaiku ketrampilan dhasar mulang kang kudu di nduweni kanggo mbangun sesambungan kang positip ing kelas, antarane guru marang guru utawa siswa marang siswa.

Adhedhasar saperangan penelitian lan fenomena kang diandharake ing ngarep, topik penelitian iki yaiku komunikasi verbal lan komunikasi nonverbal. Topik kasebut dipilih kanthi nimbangake yen komunikasi kang diterapake guru sajrone piwulangan ing kelas padha-padha slaras nggunakake prilaku verbal lan prilaku nonverbal.

Prekara ing ndhuwur bisa narik kawigaten kanggo dikembangake dadi salah sawijine penelitian. Sasuwine iki penelitian komunikasi verbal lan nonverbal isih njupuk subjek guru basa Jawa, saliyane iku durung ana panliten-panliten liyane kang nindakake. Penelliti tertarik kanggo nliti komunikasi verbal lan nonverbal guru basa Jawa.

Saka jlentrehan ing dhuwur, judhul penelitian iki yaiku *Komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing Kelas VII SMPN 1 Sidoarjo*. Saka penelitian iki bisa pikantuk gambaran ngenani komunikasi verbal lan nonverbal kang ditindakake guru sajrone nindakake piwulangan basa Jawa ing kelas.

1.2 Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten kang wis diandharake ing dhuwur, mula bisa didudut prekara-prekara kang bakal dioncek iki yaiku :

- (1) Kepriye wujud komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo?
- (2) Apa kang nglandhesi utawa sabab musababe digunakake komunikasi verbal lan nonverbal kasebut?
- (3) Apa tujuwan digunakake komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo?

1.3 Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten kang bakal dioncek ing panliten iki nduweni ancase yaiku:

- (1) Ngandharake wujud komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo.
- (2) Ngandharake lelandhesan utawa sabab musababe digunakake komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo.
- (3) Ngandharake tujuwan digunakake komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo.

1.4 Paedahe Panliten

Asile panliten iki diajab nduweni paedah tumrap para pamaca. Asile panliten ing kene arupa andharan kang nduweni rong sipat. Sipat kang kapisan yaiku *teoretis* lan sipat kang kapindo yaiku *praktis*.

1.4.1 Paedah Teoretis

Paedah teoretis ing kene mujudake asile panliten kang nduweni paedah kanggo menehi elmu lan nambah kawruhe wong akeh. Ing antarane ngenani wujud komunikasi verbal lan nonverbal, sabab musabab komunikaksi verbal lan nonverbal, lan tujuwan komunikasi verbal lan nonverbal kang digunakake dening guru sajrone piwulangan basa Jawa. Saliyane iku uga bisa menehi sumbangan sajrone pangrembakan teori piwulangan ngenani panganggone komunikasi verbal lan nonverbal guru marang siswa sajrone piwulangan Basa Jawa ing SMPN 1 Sidoarjo.

1.4.2 Paedah Praktis

Paedah praktis saka asile panliten iki, kanthi anane panliten ngenani komunikasi verbal lan nonverbal guru basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo diajab supaya panliten kang ana menehi paedah tumrap panliti. Kanthi anane panliten kasebut panliti diajab supaya luwih bisa ngregani lan nggunakake komunikasi verbal lan nonverbal slaras karo konteks kang ana. Kanggo para dhosen, kanthi anane asil panliten iki supaya menehi kritik lan pamrayoga supaya panliten kang ana bisa luwih sampurna. Saliyane kuwi panliten iki diajab supaya bisa dadi wawasan tumrap mahasiswa lan nuwuhake inspirasi kanggo nliti ngenani babagan komunikasi verbal lan nonverbal.

1.5 Watesane Panliten

Wewatesan sajrone panliten iki digawe supaya panliten kang dilakoni ora slewah saka underane panliten. Saliyane iku anane watesan amarga saka kurange kawruh kang dinduwensi panliti. Wewatesane panliten ing kene yaiku:

- (1) Penelitian iki bakal ngrembug babagan wujud komunikasi verbal lan nonverbal guru basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo, sabab musabab digunakake komunikasi verbal lan nonverbal lan tujuwan digunakake komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo.
- (2) Papan panggonan kang digunakake kanggo ngonceki dhata ana ing sekolah SMPN 1 Sidoarjo.
- (3) Ana rong teknik kang digunakake sajrone ngumpulake dhata yaiku teknik dokumentasi lan teknik catat. Nalika gunakake alat kanggo ndokumentasi biasane ana dhata kang gambare kurang jelas. Supaya ora ana kesalahan saka asile penelitian, dhata-dhata kasebut kudu diguwak. Nalika gunakake teknik catat, biasane uga ana dhata kang lali amarga ora bisa mangerteni tuturane subjek. Supaya ora salah asil penelitian kang dicatet

mung dhata-dhata kang katon jelas lan runtut anggone nyimak gerakane subjek.

1.6 Wewatesan Tetembungan

- (1) **Komunikasi** yaiku proses ngirimake pesen dening wong marang wong liyane kanggo menehi pawarta utawa kanggo ngrubah sikap, pendapat, utawa tumindak, kanthi cara langsung (lisan) utawa ora langsung (medhia) (Effendy, 2000:5).
- (2) **Komunikasi verbal** yaiku proses komunikasi kang gunakake tembung-tembung, wujude bisa arupa basa tulis lan uga basa lisan (Basir, 2016:92).
- (3) **Komunikasi nonverbal** yaiku proses komunikasi kang ora gunakake tembung-tembung nanging gunakake gerakane awak, solah bawane awak, kontak mata, ekspresi wajah lan sentuhan (Muhammad, 2015:130).
- (4) **Wujud komunikasi verbal** yaiku wujud komunikasi kang paling wiwitlan lan paling umum dingerten i masyarakat awam kang bisa diandharake lumantar saperangan wujud, kayata mencap utawa menehi label, mrentah, takon, nuduh, nyemoni lan ngrayu (Rakhmat, 2011:285-290).
- (5) **Wujud Komunikasi nonverbal** yaiku wujud basa isyarat kang diperang dadi telung kelompok yaiku pesan nonverbal visual kang arupa kinesik, proksemik, lan artifaktual; pesan nonverbal auditif kayata pesan paralinguistik; lan pesan nonverbal nonvisual nonauditif kayata sentuhan lan penciuman (Rakhmat, 2011:285-290).

METODHE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Ancangan panliten kang digunakake sajrone penelitian iki yaiku ancangan deskriptif kualitatif. Deskriptif kualitatif yaiku panliten kang mung nengenake kanyatan-kayatan utawa tandha-tandha empiris kang urip ing pribadine panutur (Sudaryanto, 1993:62).

Miturut Bogdan lan Taylor sajrone Moleong (2012:4) ngandharake yen ancangan kualitatif minangka sawijine paugeran panliten kang ngasilake dhata dheskriptif. Penelitian kualitatif yaiku penelitian kang gunakake latar ilmiah, kanthi teges kanggo njlentrehake prastawa kan dumadi lan ditindakake kanthi cara nggunakake metodhe kang ana (Denzin lan Lincoln sajrone Moleong (2012:5).

Penlitian komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo iki nggunakake rancangan deskriptif kualitatif. Panliten nggunakake metodhe kasebut nduwensi maksud yen panliten kang dilakoni adhedhasar kanyatan lan fenomena empiris kang ana ing dhirine panutur, deskriptif ing kene asipat alamiah. Dadi basa kang diandharake yaiku basa kang apa anane.

3.2 Dhata lan Sumber Dhata

Sadurunge nglumpukake dhata diwiwiti, luwh dhisik kudu nyiapake cara utawa metodhe kanggo nemtokake subjek penelitian kasebut. Methode subjek penelitian kang digunakake sajrone penelitian ing lapangan yaiku gunakake methode *sampling*. Siji utawa saperangan guru dipilih kanggo makili kabeh populasi kang ditliti. Subjek penelitian iki ditemtokake kanthi gunakake teknik sampling (*sampling purposive*). Maksude, panliti nemtokake dhewe sampel kang dijupuk amarga ana *pertimbangan* tartamtu. Dadi, sampel kang dijupuk ora kanthi cara acak utawa randhom, nanging ditemtokake dhewe karo panliti. Subjek penelitian kang dijupuk mung siji Guru Basa Jawa ing SMPN 1 Sidoarjo.

Dhata panliten yaiku awujud ukara kang ngandhut aspek verbal lan nonverbal sajrone pacaturane guru Basa Jawa lan siswa SMPN 1 Sidoarjo ing proses piwulangan ing kelas. Dhata kang kapisan dijupuk tanggal 28 Maret 2018. Dhata kapindho dijupuk tanggal 3-5 April 2018. Proses njupuke dhata kanthi cara njupuk rekaman video guru basa Jawa nalika nglakoni piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo.

Adhedhasar masalah kang dijlentrehake sajrone penelitian iki yaiku wujud komunikasi verbal lan nonverbal guru, sabab musabab digunakake komunikasi verbal lan nonverbal guru, lan tujuwan komunikasi verbal lan nonverbal guru.. Dhata kang dijupuk kayata:

- (1) Wujud Komunikasi verbal arupa tuturane subjek.
- (2) Wujud komunikasi nonverbal arupa gerak isyarat kang ditindakake subjek nalika ing proses piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo.
- (3) Sabab musababe digunakake komunikasi verbal lan nonverbal Guru Basa Jawa yaiku bisa arupa mbenerake, menehi kawruh, menehi teguran, menehi wangulan, lan menehi pitur
- (4) Tujuwan komunikasi verbal lan nonverbal Guru Basa Jawa yaiku arupa lokusi, ilokusi, lan perllokusi.

3.3 Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo nggarap asile panliten. Alat kanggo nliti ngenani kedadeyan alam lan solah bawane manungsa. Panliten iki nggunakake instrumen panliten yaiku:

(1) Panliti
Panliti yaiku wong kang nliti panliten kasebut, panliti minangka instrumen kang utama amarga panliti kasebut kang mangerten i prekara kang arep digoleki. Kayata: nggawe irah-irahan, nggawe lelandhesan panliten, nggawe underane panliten, lan nggawe proposal panliten. Saliyane iku panliti ing kene minangka pawongan kang nggolek dhata kanthi langsung, kanthi cara sesrawungan karo guru basa jawa kang dadi subjek panlitene.

(2) Leptop
Leptop minangka salah sawijine piranti kang digawe nggarap sumber dhata kang awujud file dhokumen.

(3) Piranti kanggo nulis

Piranti kanggo nulis digawe nulis bab-bab kang diprelokane. Piranti kanggo nulis ing kene minangka instrumen penyengkuyung.

(4) Kamera Digital

Kamera digital minangka piranti kanggo mideo pacataturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo.

3.4 Tatacara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata yaiku cara kang digunakake kanggo ngasilake lan nglumpukake dhata sajrone panliten. Panliten iki gunakake telung metodhe yaiku metodhe simak arupa teknik cathet, metodhe *interview* arupa teknik wawancara, lan metodhe dokumentasi arupa teknik rekam utawa mideo. Tata cara nglumpukake dhata ing panliten iki yaiku:

- (1) Ngrekam utawa mideo tuturane lan obahe awake guru basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo.
- (2) Yenta nalika ngrekam utawa mideo, ana tuturan kang dirasa ora bisa dimangerteni dening panliti nggunakake rekaman, mula ing kene nggunakake teknik cathet kanggo mikoleh dhata.

3.5.1 Wawancara

Wawancara yaiku tatacara nglumpukake katrangan utawa dhata ngenani panguripane manungsa ing urip bebrayan. Miturut Mahsun (2005:226) wawancara utawa *interview* yaiku salah sawijine metodhe kang digunakake kanthi cara panliti nindakake tuturan marang penutur utawa narasumber. Supaya bisa antuk dhata, panliti kudu tenanan anggone wawancara lan kudu bisa mancing *informan* supaya gelem ngomong. Yen kaya mangkono, methode iki nduweni teknik kang dhasar arupa teknik pancing (Sudaryanto sajrone Mahsun (2005:226).

Instrumen wawancara sajrone panliten Komunikasi verbal lan Nonverbal Guru basa Jawa yaiku dhaftar pitakonan. Dhaftar pitakonan isine awujud pitakonan-pitakonan kang arep ditindakake marang *informan*, supaya panliti bisa pikantuk informasi ngenani komunikasi verbal lan nonverbal guru Basa Jawa.

Panliti anggone nindakake wawancara ora bisa yen mung ngendelake cathetan, amarga umume manungsa ora bisa ngeling-eling sakabehe katrangan kanthi wektu suwe saengga mbutuhake piranti kanggo nyengkuyung wawancara.

3.5.2 Ngrekam / Video

Rekam yaiku pesan saka samubarang kang wis diucapake utawa ditulis. Tata cara ngrekam diperang dadi loro, yaiku kanthi *konteks* asli ateges rekaman iku ditindakake kanthi asli ora ana bab kang digawe-gawe, dene *konteks* ora asli yaiku rekaman kang ditindakake kanthi disengaja supaya antuk dhata. Dene tata cara rekaman iki katindakake supaya antuk katrangan saka *informan*. Tekhnik rekaman iki bisa ngrekam sakabehane *informan* kanthi cetha lan jangkep. Anane teknik rekam iki supaya bisa ndhukung kejelasane komunikasi *informan* lan uga gambare *informan*.

3.5.3 Nyathet

Cathet yaiku nulis samubarang kang dianggep wigati lan minangka pangeling-eling. Tekhnik nyathet sajrone panliten iki yaiku nyathet babagan kang dianggep penting kang kirane durung direkam, kayata idhentitas informan lan wektu sarta papan nalika nindakake rekaman. Saliyane iku teknik nyathet uga bisa ditegesi tindakan saka pengamatan lan wawancara supaya pikanthuk dhata.

3.5 Tatacara Njlentrehake Dhata

Tekhnik analisis dhata kang wis diklumpukake nggunakake analisis dheskriptif kualitatif. Dheskriptif yaiku dhata kang dikelompukake yaiku arupa tembung-tembung, gambar lan ora arupa angka.

Miturut (Bodgan sajrone Vardiyanayah (2008:69) ngandharake metodologi kualitatif dadi *prosedur* penelitian kang ngasilake dhata dheskriptif arupa tembung-tembung kang katulis utawa lisan saka wong kang diamati.

Panliten kualitatif mujudake panliten lapangan utawa langsung kang dilakoni wiwit golek dhata nganti pungkasane panliti kasebut. Saka penelitian kualitatif sampel ora asipat acak.

Nganalisis dhata minangka cak-cakan kang kudu dilakoni dening panliti kanggo mikoleh asil saka panlitene. Panliten iki nduweni trap-trapan kanggo nganalisis dhata kang ana, kaya kang katulis ing ngisor iki.

- (1) Nglumpukake dhata saka rekaman kamera lan cathetan.
- (2) Dhata kang arupa gambar lan swara saka rekaman kamera ditranskrip dadi tulisan.
- (3) Nyeleksi sakabehe dhata kang ana, dhata kang dipilih kang ana sambung rakete karo underan kang ana.
- (4) Menehi kodhe marang dhata-dhata kasebut.
- (5) Banjur dhata kasebut dianalisis nggunakake teori kang cocog karo prekara kang ana.

3.6 Tatacara nyuguhake asile panliten

Tatacara nyuguhake asil analisis dhata sajrone panliten miturut Sudaryanto (1993:145) ana loro, yaiku kanthi cara informal lan formal. Miturut Sudaryanto (1993:145), cara informal yaiku nyuguhake asil panliten kanthi tembung-tembung kang lumrah. Panliten iki nggunakake tatacara kasebut amarga sajrone nyuguhake asil analisis dhata, panliti nggunakake basa-basa kang lumrah, mula panliten iki nggunakake tata cara informal.

Tatacara nulis asile panliten ngenani komunikasi verbal lan nonverbal guru basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo disuguhake kanthi limang perangan kaya kaandhar ing ngisor iki, kang kajlentreh ing bab-bab.

- (1) Landhesane panliten, underane panliten, ancane panliten, paedahe panliten, wewatesane panliten, panjlentrehe tembung kang digunakake ing panliten iki diandharake ing bab 1.

- (2) Kanggo nganalisis dhata-dhata kang ana nggunakake teori-teori kang ana sambung rapete karo panliten yaiku teori guru lan peran guru, komunikasi verbal lan komunikasi nonverbal, fungsi komunikasi verbal lan nonverbal, wujud komunikasi verbal lan nonverbal, lan panliten saemper kang diandharake ing bab II.
- (3) Metodhe kang digunakake sajrone panliten diandharake ing bab III. Bab III kasebut isine ngenani rancangan panliten, tatacara nglumpukake dhata, nganalisis dhata, lan nyughake dhata.
- (4) Dene asil saka analisis dhata kang nggunakake teori-teori kang diandharake sadurunge, bakal diandharake ing bab IV. Ing bab IV bakal kajlentreh subab-subab asil panliten lan jlentrehan kang arupa tembung-tembung kang lumrah (deskripsi)
- (5) Dene dudutan saka sakabehe panliten bakal diandharake ing Bab V. Ing kono diandharake dudutan sarta pamrayoga saka panliten kang wis ditindakake.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

4.1 Wujud Komunikasi Verbal lan Nonverbal guru Basa Jawa sajrone Piwulangan ing Kelas VII SMPN 1 Sidoarjo

4.1.1 Komunikasi Verbal (KV) Gestural

Komunikasi verbal (KV) gestural minangka komunikasi kang biasa digunakake dening masyarakat kanggo cecaturan marang wong liya. Kanggo nuturake kasebut nggunakake basa awak kanthi ngobahake sebagean awake kanggo peneges anane basa lisan kang awujud verbal. Nalika pawongan nglakoni sesambungan kanthi basa lisan antarane panutur karo mitra tutur kadhangkala wis padha pahame, mula ora mung mrelokake tururan kang arupa tembung-tembung, nanging uga nggunakake tumindak tartamtu, yaiku nggunakake aspek nonverbal kaya dene kang awujud gestural kasebut. Komunikasi verbal gestural biasa digunakake dening Bu Endang minangka guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII nalika cecaturan karo mitra tuture (siswa). Tururan kang nuduhake yen Bu Endang ing kelas nggunakake komunikasi verbal lan nonverbal arupa gestural tururane kang mujudake berita (*deklaratif*), pitakonan (*interrogatif*), lan pakon (*imperatif*) bakal kaandhar kaya ing ngisor iki.

(1) Berita (*deklaratif*)

Tururan kang mujudake berita (*deklaratif*) minangka tururan kang ngandhut makna pernyataan. Tururan kasebut diucapake tujuwane kanggo nyatakake samubarang.

....

- (1) BE : Apa cah sesulih iku? Ayo naufal apa nak? (*karo ndudingi Naufal*)
‘Anak-anak sesusih itu apa ya? Hayo apa Naufal?’ (*sambil Menunjuk Naufal*)

SW2 : (Mikir)

‘Berfikir’

BE : Sesulih iku wakil nak. Nggih..? (*Karo manthuk*)
‘Anak-anak sesulih itu artinya wakil. Ya?’ (*sambil menganggukan kepalanya*)
....

(LD.6, kaca 104)

Dhata (1) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal gestural kang mujudake berita (*deklaratif*). Komunikasi verbal gestural kang mujudake berita (*deklaratif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII E.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang takon teges saka sesulih marang siswane kang jenenge Naufal (SW2), Naufal ora bisa mangsuli pitakonan kasebut. Banjur Bu Endang (BE) nuturake pesan verbal gestural kang mujudake berita (*deklaratif*) kanggo Naufal minangka siswa kang ora bisa mangsuli pitakonane. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakke komunikasi verbal gestural kang mujudake berita (*deklaratif*) kayata ukara ‘Sesulih iku wakil nak. Nggih..?’. Ukara-ukara kasebut minangka tururane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku Naufal (SW2), minangka siswa kang dadi audien nalika kancane presentasi. Komunikasi verbal gestural kang mujudake berita (*deklaratif*) ing kene minangka komunikasi kang digunakake Bu Endang karo mitra tuture sajrone nglakoni piwulangan ing kelas.

Wujud gestural kang ana ing ukara kasebut kayata ‘*manthuk*’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake berita (*deklaratif*). ‘*manthuk*’ bisa kasebut pesan gestural amarga ngobahake sebagean awake. Tururan kang diucapake dening (BE) ukara ‘Sesulih iku wakil nak. Nggih..?’ kasebut nduweni maksud kanggo menehi berita (*deklaratif*) yen teges saka sesulih yaiku wakil. Tururan kasebut ditujukake marang Naufal, siswa kang dadi audien nalika ana kancane kang presentasi. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tururane kanthi emosi kang stabil.

(2) Pitakon (*interrogatif*)

Makna *interrogatif* yaiku makna pitakonan. Makna kasebut tujuwane kanggo nakokake samubarang.

- (4) BE : Kelompoke bocah lanang ngarepe Bu Endang iki ya gak siyap?
(*karo ndudingi kelompok lanang ngarepe*)
‘Kelompok laki-laki depannya Bu Endang siap?’ (*sambil menunjuk kekelompok laki-laki depannya*)

SW2 : Siyap.

‘Siap’

....

(LD. 18, kaca 118)

Dhata (4) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal gestural kang mujudake pakon/prentah (*interrogatif*). Komunikasi verbal gestural kang mujudake pakon (*interrogatif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII B.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang takon marang siswa kang dadi audien (SW2), Bu Endang (BE) kasebut nuturake pesan verbal gestural kang mujudake pakon (*interrogatif*) sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakake komunikasi verbal gestural kang mujudake pakon (*interrogatif*) kayata ukara ‘kelompoke bocah lanang ngarepe Bu Endang iki ya gak siyap?’. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku siswa kamg dadi audien (SW2).

Wujud gestural kang ana ing ukara kasebut kayata ‘ndudingi kelompok lanang ngarepe’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake pakon (*interrogatif*). ‘ndudingi kelompok lanang ngarepe’ bisa kasebut pesan gestural amarga ngobahake sebagean awake. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara ‘kelompoke bocah lanang ngarepe Bu Endang iki ya gak siyap?’ kasebut nduweni maksud kango takon marang siswane In uga bisa diarani ukara pakon (*interrogatif*). Tuturan kasebut ditujukake marang siswa kang dadi audien. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang stabil.

(3) Pakon/Prentah (*imperatif*)

Makna *imperatif* yaiku makna prentah. Makna kasebut diucapake tujuwane kango mrentah utawa njaluk samubarang.

(9) BE : Ayo Bocah-bocah sadurunge presentasi diwiwiti nyanyi yel-yel dhisik. (*Nyanyi yel-yel karo tepuk tangan*)
‘Anak-anak sebelum presentasi dimulai,
Ayo nyanyi yel-yelnya dulu’ (*bernyanyi sambil tepuk tangan*)

SW : (Nirukake Bu Endang nyanyi lan tepuk tangan).
‘Menirukan Bu Endang bernyanyi dan
tepuk tangan’

(LD.1, kaca 110)

Dhata (9) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal gestural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*). Komunikasi verbal gestural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII E.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang mrentah kabeh siswane (SW) siswane supaya bareng-bareng nyanyi yel-yel, Bu Endang (BE) kasebut nuturake pesan verbal gestural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*)

sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakake komunikasi verbal gestural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) kayata ukara ‘Ayo Bocah-bocah sadurunge presentasi diwiwiti nyanyi yel-yel dhisik’. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku kabeh siswa kang ana ing kelas VII E

Wujud gestural kang ana ing ukara kasebut kayata ‘tepuh tangan’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*). ‘tepuh tangan’ bisa kasebut pesan gestural amarga ngobahake sebagean awake. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara ‘Ayo Bocah-bocah sadurunge presentasi diwiwiti nyanyi yel-yel dhisik’ kasebut nduweni maksud kango mrentah kabeh siswane kang ana ing kelas VII E supaya nyanyi yel-yel lan tepuk tangan. Tuturan kasebut ditujukake marang siswa kang dadi audien. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang stabil.

4.1.2 Komunikasi Verbal (KV) Postural

Komunikasi verbal (KV) postural minangka komunikasi kang biasa digunakake dening masyarakat kango cecaturan marang wong liya. Kanggo nuturake kasebut uga nggunakake sakabehe perangane awak kango peneges anane basa lisan kang awujud verbal. Kanthi mangkono mula nuwuhake komunikasi verbal lan nonverbal sajrone tuturane Bu Endang. Komunikasi verbal (KV) postural biasa digunakake dening Bu Endang minangka guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII nalika cecaturan karo mitra tuture (siswa). Tuturan kang nuduhake yen bu Endang ing kelas nggunakake komunikasi verbal lan nonverbal arupa postural sajrone tuturane kang mujudake berita (*deklaratif*), pitakonan (*interrogatif*), lan pakon (*imperatif*) bakal kaandhar kaya ing ngisor iki.

(1) Berita (*deklaratif*)

....
(10) BE : Akhire Patih Sidapaksa muntab. (*karo ngumbulake tangane mendhuwur lan dheweke uga ngumbulake awake*).
‘Dan akhirnya Patih Sidapaksa marah’
(*Sambil menaika tangannya keatas dan dia juga meloncatkan badannya*)

SW : Muntab kados pundi Bu?
‘Marah bagaimana Bu?’
....

(LD.16, kaca 108)

Dhata (10) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal postural kang mujudake berita (*deklaratif*). Komunikasi verbal postural kang mujudake berita (*deklaratif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII E.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang menehi kawruh marang kabeh siswane (SW), Bu Endang (BE)

kasebut nuturake pesan verbal postural kang mujudake berita (*deklaratif*). Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakke komunikasi verbal postural kang mujudake berita (*deklaratif*) kayata ukara ‘Akhire Patih Sidapaksa muntap’. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku kabeh siswa kang ana ing kelas VII E (SW), Komunikasi verbal postural kang mujudake berita (*deklaratif*) ing kene minangka komunikasi kang digunakake Bu Endang karo mitra tuture sajrone nglakoni piwulangan ing kelas.

Wujud postural kang ana ing ukara kasebut kayata ‘*ngumbulake tangane mendhuwur lan dheweke uga ngumbulake awake*’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake berita (*deklaratif*). *ngumbulake tangane mendhuwur lan dheweke uga ngumbulake awake* bisa kasebut pesan postural amarga nggunakake sakabehe perangane awak. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara ‘Akhire Patih Sidapaksa muntap’ kasebut nduweni maksud kanggo menehi berita (*deklaratif*). Tuturan kasebut ditujukake marang Naufal, siswa kang dadi audien nalika ana kancane kang presentasi. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang stabil.

(2) Pitakon (*Interrogatif*)

(13) BE : Inggih. Kira-kira Sidapaksa piye cah? Tetep mateni apa ora? (*ngadheg*)

Iya, Dan akhirnya Sidapaksa bagaimana? Kita-kira tetap ingin memburuuh Sri Tanjung apa tidak?
(Berdiri)

SW : Inggih.

Iya’

(LD.17, kaca 109)

Dhata (13) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal postural kang mujudake pitakon (*interrogatif*). Komunikasi verbal postural kang mujudake pitakon (*interrogatif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII E.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang takon marang kabeh siswa (SW), Bu Endang (BE) kasebut nuturake pesan verbal postural kang mujudake pitakon (*interrogatif*) sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakke komunikasi verbal postural kang mujudake pitakon (*interrogatif*) kayata ukara ‘Inggih. Kira-kira Sidapaksa piye cah? Tetep mateni apa ora?’ . Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku kabeh siswa (SW).

Wujud postural kang ana ing ukara kasebut kayata ‘*ngadheg*’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake pitakon (*interrogatif*). ‘*ngadheg* bisa kasebut pesan postural amarga nggunakake sakabehe perangane awak. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara ‘Inggih. Kira-kira

Sidapaksa piye cah? Tetep mateni apa ora?’ kasebut nduweni maksud kanggo takon marang siswane lan uga bisa diarani ukara pitakon (*interrogatif*). Tuturan kasebut ditujukake marang kabeh siswa. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang stabil.

(3) Pakon/Prentah (*imperatif*)

....

(16) BE : Ayo sapa sing takon sebutna jeneng karo nomer absen (*mlaku njupuk absen*)

‘Siapa yang mau bertanya harus menyebutkan nama dan nomor absennya dulu’ (Berjalan mengambil absen)

SW2 : Kula Bu..

‘Saya Bu’

....

(LD.8, kaca 113)

Dhata (16) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal postural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*). Komunikasi verbal postural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII B.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang mrentah siswane kang dadi audien (SW2) supaya nyebutna jenenge karo nomer absene sadurunge mangsuli pitakonan. Nalika nuturake kasebut Bu Endang (BE) nggunakake pesan verbal postural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakke komunikasi verbal postural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) kayata ukara ‘Ayo sapa sing takon sebutna jeneng karo nomer absen’. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku siswa kang dadi audien (SW2).

Wujud postural kang ana ing ukara kasebut kayata ‘*mlaku njupuk absen*’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*). ‘*mlaku njupuk absen*’ bisa kasebut pesan postural amarga ngobahake sebagean awake. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara ‘Ayo sapa sing takon sebutna jeneng karo nomer absen’ kasebut nduweni maksud kanggo mrentah siswane kang dadi audien supaya nglakoni prentahe. Tuturan kasebut ditujukake marang siswa kang dadi audien. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang stabil.

4.1.3 Komunikasi Verbal (KV) Fasial

Komunikasi verbal (KV) fasial minangka komunikasi kang biasa digunakake dening masyarakat kanggo cecaturan marang wong liya. Nalika pawongan nglakoni sesambungan kanthi basa lisan antarane panutur karo mitra turur kadhangkala wis padha pahame, mula ora mung mrelokane tururan kang arupa tembung-tembung, nanging uga ngunakake tumindak tartamtu,

yaiku uga nggunakake aspek nonverbal kaya dene komunikasi verbal fasil. Komunikasi verbal fasil biasa digunakake dening Bu Endang minangka guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII nalika cecaturan karo mitra tuture (siswa). Komunikasi verbal (KV) fasil digunakake kanthi cara nggunakake mimik wajah utawa ekspresi wajah kanggo negesake basa verbal. Kanthi mangkono mula nuuhake komunikasi verbal lan nonverbal sajrone tuturane Bu Endang. Tuturan kang nuduhake yen bu Endang ing kelas nggunakake komunikasi verbal lan nonverbal arupa fasil sajrone tuturane kang mujudake berita (*deklaratif*), pitakonan (*interrogatif*), lan pakon (imperatif) bakal kaandhar kaya ing ngisor iki:

(1) Berita (*deklaratif*)

- (19) BE : Neng puncake gunung semeru Patih Sidapaksa entuk tumbale negara. (*karo mesem*) Digawa mulih neng kraton.

'Patih Sidapaksa akhirnya dapat abdi negara dipuncak Gunung Semeru, (sambil senyum) dan membawa kabar gembira tersebut dia pulang ke keraton'

SW : Oooo..
'ooo'
....

(LD.13, kaca 107)

Dhata (19) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal fasil kang mujudake berita (*deklaratif*). Komunikasi verbal fasil kang mujudake berita (*deklaratif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII E.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang menehi kawruh marang kabeh siswane (SW), Bu Endang (BE) kasebut nuturake pesan verbal fasil kang mujudake berita (*deklaratif*). Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakke komunikasi verbal fasil kang mujudake berita (*deklaratif*) kayata ukara 'Neng puncake gunung semeru Patih Sidapaksa entuk tumbale negara'. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku kabeh siswa kang ana ing kelas VII E (SW), Komunikasi verbal fasil kang mujudake berita (*deklaratif*) ing kene minangka komunikasi kang digunakake Bu Endang karo mitra tuture sajrone nglakoni piwulangan ing kelas.

Wujud fasil kang ana ing ukara kasebut kayata '*mesem*', kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake berita (*deklaratif*). '*mesem*' bisa kasebut pesan fasil amarga nggunakake mimik wajah kanggo ngespresikake rupane sajrone nuturake tuturan. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara 'Neng puncake gunung semeru Patih Sidapaksa entuk tumbale negara' kasebut nduweni maksud kanggo

menehi berita (*deklaratif*). Tuturan kasebut ditujukake marang kabeh siswane. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang stabil.

(2) Pitakon (*Interrogatif*)

-
(22) SW1: Katujukake marang (Karo mikir)
'Saya tujuhan kepada' (*sambil berfikir*)

BE : Marang sapa??? (*Karo mrengut*)

'Kepada siapa?' (*sambil cemberut*)

SW1 : Paradita.

'Paraditai'

....

(LD.5, kaca 103)

Dhata (22) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal fasil kang mujudake pitakon (*interrogatif*). Komunikasi verbal fasil kang mujudake pitakon (*interrogatif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII B.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang takon marang siswa kang presentasi (SW1), Bu Endang (BE) kasebut nuturake pesan verbal fasil kang mujudake pitakon (*interrogatif*) sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakke komunikasi verbal fasil kang mujudake pitakon (*interrogatif*) kayata ukara 'Marang sapa???'. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku siswa kag presentasi (SW1).

Wujud fasil kang ana ing ukara kasebut kayata '*mesem*', kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake pitakon (*interrogatif*). '*mesem*' bisa kasebut pesan fasil amarga nggunakake mimik wajah kanggo ngespresikake rupane sajrone nuturake tuturan. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara 'Marang sapa???' kasebut nduweni maksud kanggo takon marang siswane lan uga bisa diarani ukara pitakon (*interrogatif*). Tuturan kasebut ditujukake marang siswa kang presentasi. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang stabil.

(3) Pakon/Prentah (*imperatif*)

-
(25) SW1 : Kondor

'Pergi'

BE : Salah ! Lafalmu salah ! Yawis diterusna

wae gak papa. (*Karo mrengut*)

'Salah! Lafalmu itu salah ! Yasudah dilanjutkan saja tidak apa- apa'

(*sambil cemberut*)

....

(LD.5, kaca 113)

Dhata (25) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal fasil kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*).

Komunikasi verbal fasial kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII B.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang mrentah siswane kang presentasi (SW1) supaya nerusake presentasine. Bu Endang nuturake tuturane kasebut nggunakake pesan verbal postural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakke komunikasi verbal postural kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) kayata ukara ‘Salah ! Lafalmu salah ! Yawis diterusna wae gak papa’. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku siswa kang presentasi (SW1).

Wujud fasial kang ana ing ukara kasebut kayata ‘*mrengut*’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake pakon/prentah (*iimperatif*). ‘*mrengut*’ bisa kasebut pesan fasial amarga nggunakake mimik wajah kango ngespresikake rupane sajrone nuturake tuturan. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara ‘Salah ! Lafalmu salah ! Yawis diterusna wae gak papa’ kasebut nduweni maksud kango mrentah siswane kang presentasi supaya nglakoni prentahe. Tuturan kasebut ditujukake marang siswa kang dadi audien. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang ora stabil.

4.1.4 Komunikasi Verbal (KV) Paralinguistik

Saliyane nggunakake komunikasi verbal gestural, postural lan fasial, Guru Basa Jawa ing SMPN 1 Sidoarjo uga gunakake komunikasi verbal (KV) paralinguistik sajrone tuturane. Komunikasi nonverbal kang arupa pesan paralinguistik digunakake guru Basa Jawa SMPN 1 Sidoarjo kasebut bebarengan karo nuturake komunikasi verbal kang wujude berita (*deklaratif*), pitakonan (*interrogatif*), lan pakon (*imperatif*). Pesan paralinguistik ing kene minangka pesan nonverbal kang gunakake swara lan vokal sajrone tuturane. Swara lan vokal kasebut bisa ngandharake teges kang beda yen diucapake kanthi cara kang beda, tuladhané kaya ing ngisor iki.

(1) Berita (*deklaratif*)

-
(28) SW1 : Siji.. loro.. telu.. ora bisa mangsuli.
‘satu.. dua.. tiga.. tidak bisa menjawabi’
BE : Dadi kelompok semar bijine ora apik, ora antusias, gak nggatekake. (*karo swara banter*)
‘Jadi, kelompok semar nilainnya jelek, tidak berantusias, tidak mendengarkan’ (*sambil bersuara keras*)
....

(LD.4, kaca 102)

Dhata (28) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake berita (*deklaratif*).

Komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake berita (*deklaratif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII E.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang ngreti yen kelompok semar ora bisa mangsuli pitakonan saka kelompok presentasi, Bu Endang banjur menehi kawruh marang kabeh siswane (SW), tuturan kang dituturake Bu Endang yaiku pesan verbal paralinguistik kang mujudake berita (*deklaratif*). Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakke komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake berita (*deklaratif*) kayata ukara ‘Dadi kelompok semar bijine ora apik, ora antusias, gak nggatekake’. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku kabeh siswa (SW) kang ana ing kelas VII E. Komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake berita (*deklaratif*) ing kene minangka komunikasi kang digunakake Bu Endang karo mitra tuture sajrone nglakoni piwulangan ing kelas.

Wujud paralinguistik kang ana ing ukara kasebut kayata ‘*nggunakake swara banter*’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake berita (*deklaratif*). ‘*swara banter*’ bisa kasebut pesan paralinguistik amarga nggunakake swara lan vokal sajrone nuturake tuturan. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara ‘Dadi kelompok semar bijine ora apik, ora antusias, gak nggatekake’ kasebut nduweni maksud kango menehi berita (*deklaratif*). Tuturan kasebut ditujukake marang kabeh siswane. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang ora stabil.

(2) Pitakon (*Interrogatif*)

-
(31) BE : Katujukake marang ? (*Karo swara banter*)
‘Ditujukan kepada siapa?’ (*sambil bersuara keras*)
SW1 : Katujukake marang (Karo mikir)
‘Ditujukan kepada’ (*sambil berfikir*)
....
(LD.5, kaca 103)

Dhata (31) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake pitakon (*interrogatif*). Komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake pitakon (*interrogatif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII E.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang takon marang siswa kang presentasi (SW1), Bu Endang (BE) kasebut nuturake pesan verbal paralinguistik kang mujudake pitakon (*interrogatif*) sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakke komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake pitakon (*interrogatif*) kayata ukara ‘Katujukake marang?’. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra tuture yaiku siswa kang presentasi (SW1).

Wujud paralinguistik kang ana ing ukara kasebut kayata ‘nggunakake swara banter’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake pitakon (*interrogatif*). ‘swara banter’ bisa kasebut pesan paralinguistik amarga nggunakake swara lan vokal sajrone nuturake tuturan kang dirasa nggawe gela atine Bu Endang. Amarga siswa kang presentasi basane ora karo-karoan. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara ‘Katujukake marang?’ kasebut nduweni maksud kanggo takon marang siswane lan uga bisa diarani ukara pitakon (*interrogatif*). Tuturan kasebut ditujukake marang siswa kang presentasi. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang ora stabil.

(3) Pakon/Prentah (*imperatif*)

....

(34) BE : Dadi yen kancane presentasi kudu digatekake (*karo swara banter*). Yen ra dirungokake ora ana artine cah. Ngreti?
‘Jadi, kalau temannya presentasi itu harus diperhatikan (sambil bersuara keras) kalau tidak didengarkan pasti kamu tidak akan paham. Mengerti?’

SW2 : Ngreti Bu..
‘Paham Bu’
....

(LD.21, kaca 119)

Dhata (34) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII. Bu Endang nggunakake komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*). Komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) kasebut digunakake Bu Endang nalika Bu Endang nindakake piwulangan ing kelas VII B.

Nalika (BE) kang jenenge Bu Endang mrentah siswane kang dadi audien (SW2) supaya nggatekake kancane yen presentasi. Bu Endang nuturake tuturane kasebut nggunakake pesan verbal paaralinguistik kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang kasebut nggunakake komunikasi verbal paralinguistik kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*) kayata ukara ‘Dadi yen kancane presentasi kudu digatekake’. Ukara-ukara kasebut minangka tuturane Bu Endang (BE) karo mitra turete yaiku siswa kang dadi audien (SW2).

Wujud paralinguistik kang ana ing ukara kasebut kayata ‘nggunakake swara banter’, kang dilakoni bebarengan nalika nuturake komunikasi verbal kang mujudake pakon/prentah (*imperatif*). ‘swara banter’ bisa kasebut pesan paralinguistik amarga nggunakake swara lan vokal sajrone nuturake tuturane. Tuturan kang diucapake dening (BE) ukara ‘Dadi yen kancane presentasi kudu digatekake’ kasebut nduweni maksud kanggo mrentah siswane kang presentasi supaya

nglakoni prentah. Tuturan kasebut ditujukake marang siswa kang dadi audien. Kahanan nalika Bu Endang kasebut nuturake tuturane kanthi emosi kang ora stabil.

4.2 Sabab Musabab digunakake Komunikasi verbal lan Nonverbal Guru Basa Jawa sajrone Piwulangan ing Kelas VII SMPN 1 Sidoarjo

4.2.1 Kanggo Mbenerake

....

(37) SW1: Inggih Bu. Yen ora ana genten kelompok kula sing takon.

‘Iya Bu. Kalau tidak ada yang bertanya, jadi kelompok saya saja yang memberi pertanyaan’

BE : Ngene-ngene diwarahi Bu Endang. Pitakonan iki tak tujukake marang kelompok semar, upamane (*drijine lima mbukak lan nuduhake kelompok semar*). Ayoo..

‘Saya kasih tahu dulu ya.. Misal, pertanyaan ini saya berikan kepada kelompok semar. Misalnya begitu (jarinya lima terbuka dan menunjukkan kearah kelompok semar). Ayoo’

....

(LD. 4, kaca 102)

Dhata (37) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII ing SMPN 1 Sidoarjo. Tuturan kasebut diucapake nalika Bu Endang nglakoni piwulangan ing kelas VII E.

Nalika cecaturan guru Basa Jawa kang jenenge Bu Endang (BE) kasebut ngunakake komunikasi verbal lan nonverbal sajrone tuturane. Komunikasi verbal lan nonverbal diucapake kanggo mbenerake siswane kang nglakoni presentasi (SW1). Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang nggunakake ukara kasebut yaiku ‘Ngene-ngene diwarahi Bu Endang. Pitakonan iki tak tujukake marang kelompok semar, umpamané’. Bu Endang kasebut nuturake ukara kanthi nggunakake komunikasi nonverbal kang arupa ‘*drijine lima mbukak lan nuduhake kelompok semar*’.

Bu Endang nggunakake komunikasi nonverbal kayata ‘*drijine lima mbukak lan nuduhake kelompok semar*’ bebarengan karo nuturake komunikasi verbal kasebut nduweni makna yaiku kanggo nambahi utawa njangkepi tuturan kang dirasa durung sampurna. Kanthi nggunakake komunikasi nonverbal kasebut diajab mitra tutur kang dituju bisa mangerteni maksud saka Bu Endang. Komunikasi nonverbal kasebut digunakake amarga Bu Endang minangka guru Basa Jawa kepengin siswa kang diajak cecaturan mangerteni teges saka tuturane. Kahanan nalika nuturake tuturane kasebut kanthi nggunakake emosi kang stabil.

4.2.2 Kanggo ngongkon

....
(40) SW1 : Pitakonan iki tak tujukake marang kelompok semar.

'Pertanyaan ini saya berikan kepada kelompok semar'

BE : Yaiku....?

'Yaitu?'

SW1 : Yaiku, Ragil

'Yaitu, Ragil'

BE : Ragil, Ngadheg (*Karo nuduhake yen ngadheg kaya dheweke*).

'Ragil, ayo berdiri' (*sambil menunjukkan kalau berdiri seperti dirinya*)

....

(LD.4, kaca 102)

Dhata (40) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII ing SMPN 1 Sidoarjo. Tuturan kasebut diucapake nalika Bu Endang nglakoni piwulangan ing kelas VII E.

Nalika cecaturan guru Basa Jawa kang jenenge Bu Endang (BE) kasebut ngunakake komunikasi verbal lan nonverbal sajrone tuturane. Komunikasi verbal lan nonverbal diucapake kanggo ngongkon siswane kang dadi audien (SW2) Supaya bisa mangsuli pitakonan saka kelompok presentasi. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang nggunakake ukara kasebut yaiku 'Ragil, Ngadheg nak'. Bu Endang kasebut nuturake ukara kanthi nggunakake komunikasi nonverbal kang arupa 'ngadheg'

Bu Endang nggunakake komunikasi nonverbal kayata 'ngadheg' bebarengan karo nuturake komunikasi verbal kasebut nduweni makna yaiku kanggo nyakinake karo apa kang wis dituturake. Kanthi nggunakake komunikasi nonverbal kasebut diajab mitra tutur kang dituju bisa mangerteni maksud saka Bu Endang. Komunikasi nonverbal kasebut digunakake amarga Bu Endang minangka guru Basa Jawa kepengin siswa kang diajak cecaturan mangerteni teges saka tuturane. Kahanan nalika nuturake tuturan kasebut kanthi nggunakake emosi kang stabil.

4.2.3 Kanggo Menehi Kawruh

....
(45) BE : Yen macamu majalah kerep insyaAllah suwe-suwe kowe bisa nak. Suwe-suwe kowe malah ngeten lo.. (*karo ngacungake jempole*)

'Kalau kamu sering membaca majalah, insyaAlla kamu lama-kelamaan pasti bisa. lama-lama kamu tambah begini hlo' (*sambil menunjukkan jari jempolnya*)

SW : Amin Bu..

'Amin Bu'

(LD. 16, kaca 117)

Dhata (45) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII ing SMPN 1 Sidoarjo. Tuturan kasebut diucapake nalika Bu Endang nglakoni piwulangan ing kelas VII B.

Nalika cecaturan guru Basa Jawa kang jenenge Bu Endang (BE) kasebut ngunakake komunikasi verbal lan nonverbal sajrone tuturane. Komunikasi verbal lan nonverbal diucapake Bu Endang (BE) kanggo menehi kawruh marang kabeh siswa (SW) supaya gelem maca majalah Jawa. Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang nggunakake ukara kasebut yaiku 'Yen macamu majalah kerep insyaAllah suwe-suwe kowe bisa nak. Suwe-suwe kowe malah ngeten lo'.

Bu Endang kasebut nuturake ukara kanthi nggunakake komunikasi nonverbal kang arupa 'ngacungake jempole'. Bu Endang nggunakake komunikasi nonverbal kayata 'ngacungake jempole' nalika sawise nuturake komunikasi verbal kasebut nduweni makna yaiku kanggo nuduhake perasaane kang ora bisa diomongake nganggo tembung-tembung. Kanthi nggunakake komunikasi nonverbal kasebut diajab mitra tutur kang dituju bisa mangerteni maksud saka Bu Endang. Komunikasi nonverbal kasebut digunakake amarga Bu Endang minangka guru Basa Jawa uga kapengin menehi semangat kanggo siswane supaya gelem maca majalah Jawa arupa ngacungake jempole kang nduweni teges tartamtu. Kahanan nalika nuturake tuturan kasebut kanthi nggunakake emosi kang stabil.

4.2.4 Kanggo Menehi Teguran

(46) BE : Sik... sik.. meneng sik (*karo nggedhor meja*). Bu Endang dirungokna sik. Haloo....

'Tolong diam dulu.. (*sambil menggedor meja*) Bu Endang didengarkan dulu.. Haloo'

SW : Hay..

(Hay)

....

(LD. 19, kaca 110)

Dhata (46) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII ing SMPN 1 Sidoarjo. Tuturan kasebut diucapake nalika Bu Endang nglakoni piwulangan ing kelas VII E.

Nalika cecaturan guru Basa Jawa kang jenenge Bu Endang (BE) kasebut ngunakake komunikasi verbal lan nonverbal sajrone tuturane. Komunikasi verbal lan nonverbal diucapake kanggo menehi teguran kanggo kabeh siswane (SW). Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang nggunakake ukara kasebut yaiku 'Sik... sik.. meneng sik. Bu Endang di rungokna sik. Haloo'. Bu Endang kasebut nuturake ukara kanthi nggunakake komunikasi nonverbal kang arupa 'nggedhor meja'.

Bu Endang nggunakake komunikasi nonverbal kayata ‘nggedhor meja’ nalika sawise nuturake komunikasi verbal kasebut nduweni makna yaiku kanggo nuduhake sejatine dheweke lumantar apa kang wis dilakoni. Kanthi nggunakake komunikasi nonverbal kasebut diajab mitra tutur kang dituju bisa luwi peka lan mangerteni maksud saka Bu Endang. Komunikasi nonverbal kasebut digunakake amarga Bu Endang minangka guru Basa Jawa kepengin siswa kang diajak cecaturan luwi ngregani dheweke nalika cecaturan ing proses piwulangan. Kahanan nalika nuturake tuturan kasebut kanthi nggunakake emosi kang ora stabil.

4.2.5 Kanggo Menehi wangsulan

....

(49) BE : Sawise mantenan karo Sidopaksa, Silahadi Krama ora bisa turu, lan mangan uga ora enak. Mriplate tansah kelop-kelop (*karo tangane dibukak tutup*). Apa kelop-kelop?

‘Sesudah menikah dengan Sidopaksa, Akhirnya Silahadi Krama tidak bisa tidur, mau makanpun juga tidak enak, dan matanya Cuma bisa terbuka lebar (*sambil tangannya dibuka tutup*). maksudnya terbuka lebar itu apa ya?’

SW : Mboten saged turu.

‘Tidak bisa tidur Bu’

BE : Nggih.. (*ngacungake jempole*).

‘Iya’ (*nuduhake jempole*)

....

(LD. 11, kaca 106)

Dhata (49) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII ing SMPN 1 Sidoarjo. Tuturan kasebut diucapake nalika Bu Endang nglakoni piwulangan ing kelas VII E.

Nalika cecaturan guru Basa Jawa kang jenenge Bu Endang (BE) kasebut ngunakake komunikasi verbal lan nonverbal sajrone tuturane. Komunikasi verbal lan nonverbal diucapake kanggo menehi wangsulan marang kabeh siswane (SW). Tuturan kang nuduhake yen Bu Endang nggunakake ukara kasebut yaiku ‘Nggih’. Bu Endang kasebut nuturake ukara kanthi nggunakake komunikasi nonverbal kang arupa ‘*ngacungake jempole*’. Bu Endang nggunakake komunikasi nonverbal kayata ‘*ngacungake jempole*’ nalika sawise nuturake komunikasi verbal kasebut nduweni makna yaiku kanggo nuduhake emosi utawa perasaane kang ora bisa diomongake nganggo tembung-tembung.

Kanthalan nggunakake komunikasi nonverbal kasebut diajab mitra tutur kang dituju bisa mangerteni maksud saka Bu Endang. Komunikasi nonverbal kasebut digunakake amarga Bu Endang minangka guru Basa Jawa menehi prestasi marang siswane kang wis bisa mangsuli pitakonane arupa ngacungake jempole kang nduweni teges tartamtu. Kahanan nalika nuturake tuturan kasebut kanthi nggunakake emosi kang stabil.

4.3 Tujuwan digunakake Komunikasi verbal lan Nonverbal Guru Basa Jawa sajrone Piwulangan ing Kelas VII SMPN 1 Sidoarjo

4.3.1 Tuturan kang mujudake Lokusi

(51) BE : Iki kelompok semar akeh sing ngomong karepe dhewe. Ora migatekake Bu Endang, dirungokna Mas. (*karo ndudingi kelompok semar*)

‘Kelompok semar ini kok bicara sendiri dan tidak mau mendengarkan Bu Endang. Mas, ayo didengarkan’ (*Sambil menunjuk kekelompok semar*)

SW2 : Nggih Bu.. nyuwun Pangapunten.

‘Iya Bu.. Minta maaf’

(LD. 10, kaca 105)

Dhata (51) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII ing SMPN 1 Sidoarjo. Tuturan kasebut diucapake nalika Bu Endang nglakoni piwulangan ing kelas VII E.

Nalika negur siswane kang rame dhewe lan ora migatekake yen diterangake, Bu Endang kasebut ngucapake tuturan kang tujuwane lokusi. Tuturan kang nuduhake prekara kasebut yaiku ukara ‘Iki kelompok semar akeh sing ngomong karepe dhewe. Ora migatekake Bu Endang,...’. Ukara kasebut diucapake dening Bu Endang nalika dheweke nerangake materi sawise bocah kang presentasi rampung anggone presentasi, banjur ana salah sawijine saka kelompok liya yaiku kelompok semar ngomong karepe dhewe lan ora migatekake Bu Endang yen nerangake. Ukara kasebut diucapake dening Bu Endang (BE) banjur diwangsuli dening kelompok siswa kang dadi audien yaiku kelompok semar (SW2) yen dheweke nyuwun pangapura marang Bu Endang.

Nalika nuturake tuturane Bu Endang uga nggunakake komunikasi nonverbal yaiku ndudingi kelompok semar kang ngomong karepe dhewe. Ukara kang dituturake Bu Endang lan komunikasi nonverbal kang digunakake Bu Endang maksude kanggo nyatakake marang siswane yen kelompok semar ngomong karepe dhewe lan ora migatekake yen diterangake. Kahanan nalika Bu Endang nuturake tuturan kasebut kanthi nggunakake emosi kang ora stabil.

4.3.2 Tuturan kang mujudake Illokusi

(56) BE : Akhire Sidapaksa mulih ana ing kepatihan cah. Sawise teka kepatihan Patih sidapaksa ngamuk cah karo sapa?

‘Anak-anak, dan akhirnya Sidapaksapun pulang di kepatihan. Dan setelah sampai disana Patih Sidapaksa marah-marah, sama siapa?’

SW : Sri Tanjung..

‘Sri Tanjung’

....

(LD. 17, kaca 109)

Dhata (56) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII ing SMPN 1 Sidoarjo. Tuturan kasebut diucapake nalika Bu Endang nglakoni piwulangan ing kelas VII E.

Nalika nyeritakake crita Sri Tanjung kanthi versi kang beda, Bu Endang kasebut ngucapake ukara kanthi nggunakake komunikasi verbal lan nonverbal kang wujude ilokusi. Tuturan kang nuduhake prekara kasebut yaiku ‘Akhire Sidapaksa mulih ana ing kepatihan cah. Sawise teka kepatihan Patih sidapaksa ngamuk cah karo sapa?’. Ukara kasebut dituturake Bu Endang (BE) nalika Bu Endang nakokane yen Patih Sidapaksa ngamuk karo sapa marang kabeh siswane (SW). Sadurunge, Bu Endang nyeritakake ngenani yen Sidapaksa mulih ana ing kepatihan. Banjur sawise teka kepatihan Sidapaksa ngamuk.

Kanthy mangkono, mitra turur kang ditakoni karo ukara kasebut kudu bisa njawab kanthy tuturan ukara kang nyatakake yen Sidapaksa ngamuk karo sapa kaya ukara kang ditakokane dening siswa kang dadi audien (SW2). Tuturan kasebut diucapake kanthy emosi kang stabil.

4.3.3 Tuturan kang mujudake Perllokusi

(57) BE : Nek teka critamu mau Sidopaksa lak anak angkate Sinuwun Silukrama ta? (*karo melonggo ngiwas i kelompok sing presentasi*)

‘Kalau dari ceritamu tadi Sidapaksa itu anak angkatnya Sinuwun Silukrama ya?’ (*sambil melongo lihat kelompok presentasi*)

SW1 : Nggih Bu..

‘Iya Bu’

BE : Haaaa... iki ana versi maneh yen Sidopaksa iku Patih ing negara Sindurejo. Rungokna tak critani..

‘Haaa.. ini ada versi yang beda kalau Sidopaksa itu Patih di negara Sindurejo. Saya ceritakan didengarkan ya?’

SW : Nggih Bu..

‘Iya Bu’

(LD. 11, kaca 105)

Dhata (57) kasebut minangka pacaturane Bu Endang lan siswa nalika nglakoni presentasi ana ing ngarep kelas. Bu Endang kasebut minangka guru Basa Jawa ing kelas VII ing SMPN 1 Sidoarjo. Tuturan kasebut diucapake nalika Bu Endang nglakoni piwulangan ing kelas VII B.

Nalika siswa kang presentasi sawise nglakoni presentasi, Bu Endang (BE) ngucapake ukara kang tujuwane perllokusi marang kabeh siswane (SW). Tuturan kang nuduhake prekara kasebut yaiku ‘.....Majalah iku bisa digawe gladhen supaya macamu bisa lancar. Dadi mrana a nek istirahat bisa maca- maca nek kono. Nggih

cah?’. Tuturan kasebut kalebu ukara kang nduweni wujud *perllokusi* amarga nalika ngucapake tuturan kasebut surasane kaya dene menehi pangribawa marang mitra tuture supaya mitra tuture gelem maca majalah ana perpus kanggo mbiyantu yen maca nggunakake Basa Jawa bisa lancar.

Ukara kasebut dituturake maksude supaya siswa bisa precaya lan nindakake tuturane Bu Endang. Kahanan nalika Bu Endang kasebut ngucapake tuturane kanthy emosi kang stabil.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Adhedhasar saka prekara-prekara panliten kang kaandhar ing bab-bab sadurunge, asil saka panliten iki bisa didudut kaya mangkene. Komunikasi verbal lan nonverbal kang digunakake dening guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo iku werna-werna, salah sijine gunakake pesan kinesik kang arupa pesan gestural, fasil, postural. Saliyane pesan kinesik uga ana pesan paralinguistik kang digunakake sajrone piwulangan. Pesan-pesan nonverbal kasebut digunakake kanggo peneges basa verbal kang awujud Berita (*deklaratif*), pitakon (*interrogatif*), pakon (*imperatif*) lan dituturake kanthy maksud tartamtu kang dilandhesake marang konteks situasional.

Sebab musabab digunakake komunikasi verbal lan nonverbal sajrone tuturane guru Basa Jawa nalika nindakake piwulang ing kelas VII yaiku bisa kanggo mbenerake, kanggo ngongkon, menehi kawruh, menehi teguran, lan menehi wangsanan. Makna saka tuturan kasebut yaiku kanggo nyakinake apa kang wis diucapake, nuduhake perasaan lan emosi kang ora bisa dituturake ngunakake ukara utawa tembung-tembung, nuduhake jati dhirine saengga wong liya bisa mangerten sejatinne dheweke, lan bisa nambah utawa njangkepi omongan-omongan kang dirasa durung sampurna.

Dene tujuwan panganggone komunikasi verbal lan nonverbal kang digunakake guru Basa Jawa sajrone piwulangan ing kelas VII SMPN 1 Sidoarjo kasebut ing tuturane yaiku (1) mujudake makna *lokusi*, (2) Mujudake makna *ilocusi*, (3) mujudake makna *perllokusi*.

5.2 Pamrayoga

Kapisan, Panliten ngenani Komunikasi verbal lan Nonverbal Guru Basa Jawa sajrone Piwulangan ing Kelas VII SMPN 1 Sidoarjo iku isih adoh saka sampurna. Mula saka kuwi saran kang asipat mangun dibutuhake kanggo nyampurnakake panliten kang ana. Kanthy mangkono diajab supaya ana panliten-panliten anyar. Kapindo, ora mung pesan kinesik kang arupa pesan gestural, fasil, postural kang ditliti, isih akeh aspek prilaku nonverbal liya kang durung ditliti. Mula saka kuwi saran kanggo panliti liya supaya mindakake penelitian sabanjure ngenani komunikasi verbal lan nonverbal kang durung dikaji sajrone penelitian iki. Katelu, penelitian iki ditindakake mung ing SMP. Mula saka kuwi, panliti liya bisa nindakake penelitian ngenani komunikasi verbal lan nonverbal ing sekolah liyane kayata TK,SD utawa SMA.

KAPUSTAKAN

Basir, Udjang Pr. 2016. *Sosiolinguistik*. Surabaya: CV. Bintang.

Effendy, Onong Uchjana. 2000. *Dinamika Komunikasi*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

_____. 2003. *Ilmu, Teori, dan Filsafat Komunikasi*. Bandung: Citra Aditya Bakti

Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Raja Grafi Indo Persada.

Muhammad, Arni. 2015. *Komunikasi Organisasi*. Jakarta: Bumi Aksara.

Mulyana, Deddy. 2010. *Ilmu Komunikasi Suatu Pengantar*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Poerwadarminto. 1976. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

Rakhmat, Jalaludin. 2011. *Psikologi Komunikasi*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sudjana, Nana. 2008. *Dasar-dasar Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Sinar Baru.

Tarigan, Henry Guntur. 1993. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.

Vardiansyah, Dani. 2008. *Filsafat Ilmu Komunikasi Suatu Pengantar*. DKI: PT Macanan Jaya Cemerlang.

Windarti, Mursam. 2012. *Kamus Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Press.

Catherine, Nurmida. 2012. *Perilaku Komunikasi Nonverbal Guru dalam Kelas Pembelajaran : Maknanya Bagi Siswa SMA*. (online) https://media.neliti.com/media/publications/118771-ID-perilaku_komunikasi_nonverbal-guru-dalam.pdf

Khoir, Syaghilul. 2014. *Pola Komunikasi Guru dan Murid disekolah Luar Biasa B (SLB-B) Frobel Montessori*. Jakarta Timur, (Online) http://repository.uinjkt.ac.id/dspace/bitsstream/123456789/26683/1/M.%20SYAG_HILUL%20KHOIR-FDK.pdf

Maulana Ian Prasetio. 2016. *Komunikasi Verbal dan Nonverbal dalam Proses Kegiatan Belajar Mengajar (Studi Kasus Pada Kegiatan Belajar Mengajar di Rumah Bintang Gang Nangkasuni, Wastukencana Bandung)* <https://www.google.com/search?q=Komunikasi+Verbal+dan+Nonverbal+dalam+Proses+Kegiatan+Belajar+Mengajar+%28Studi+Kasus+Pada+Kegiatan+Belajar+Mengajar+di+Rumah+Bintang+Gang+Nangkasuni+Wastukencana+Bandung%29&ie=utf-8&oe=utf-8&client=firefox-b>

Muzakki, Ahmad wafi. 2015. *Urgensi Komunikasi Nonverbal (vocal, Kinesics, Proxemics) dalam Proses Pembelajaran Sejarah*. <http://jurnalmahasiswa.unesa.ac.id/index.php/avatar/a/article/view/11829>

Susanti, Susi. 2014. *Komunikasi Non Verbal oleh Guru dengan keaktifan siswa dalam proses pembelajaran sejarah di MTs Arrausatul Islamiyah Kabupaten Kubu Raya*, (Online) <http://download.portalgaruda.org/article.php?article=496700&val=10172&title=HUBUNGAN%20KOMUNIKASI%20%20NONVERBAL%20OLEH%20GURU%20DENGAN%20KEAKTIFAN%20SISWA%20DALAM%20PROSES%20PEMBELAJARAN%20SEJARAH%20DI%20MTs%20ARRAUDATUL%20ISLAMIYAH%20KABUPATEN%20KUBU%20RAYA>